

FÒM NYC DOE POU BAY KONSANTMAN POU TÈS COVID-19

Kisa fòm sa a ye?

N ap chèche konsantman w pou teste pitit ou a pou enfeksyon COVID-19. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYC DOE), avèk NYC Health + Hospitals ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk, te kolabore avèk laboratwa ak lòt founisè pou teste elèv, pwofesè, ak manm pèsònèl NYC DOE pou enfeksyon COVID-19.

Chak konbyen tan yo pral teste pitit mwen an?

Nou ap fè aranjman pou laboratwa nou yo ak patnè founisè tès yo vini nan chak lekòl yon fwa chak mwa pou teste kèk nan elèv yo ak anplwaye yo. Si ou dakò, yo ka chwazi pitit ou a pou fè tès nan youn oswa plis nan okazyon sa yo. Anplis, pitit ou a ka fè tès tou pandan tout ane lekòl la si yo montre youn oswa plis sentòm COVID-19 la oswa si li se yon kontak pwòch yon elèv, pwofesè, oswa anplwaye ki gen enfeksyon COVID-19 la.

Kisa tès la ye?

Si ou dakò, pitit ou a ap resevwa yon tès dyagnostik gratis pou viris COVID-19 la. Lèt ki ki vini avèk fòm sa a bay plis enfòmasyon sou tip tès yo ka itilize yo. Kolekte yon echantiyon pou fè tès enplike pou yo mete yon ti prelevman, menm jan avèk yon Q-Tip, nan devan nen moun lan ak / oswa kolekte saliv (krache) li.

Kòman m ap konnen si pitit mwen an teste pozitif?

Si yo kolekte yon echantiyon pitit ou a pou teste nan lekòl la, n ap ba l pote enfòmasyon an lakay li pou fè ou konnen. Yo bay rezilta tès COVID-19 la jeneralman nan 48-72 èdtan.

Kisa mwen ta dwe fè lè mwen resevwa rezilta tès pitit mwen an?

Si rezilta tès pitit ou a pozitif, tanpri kontakte doktè pitit ou a imedyatman pou revize rezilta tès yo ak pou pale sou sa ou ta dwe fè apre. Ou ta dwe kenbe pitit ou lakay ou epi fè lekòl pitit ou a konnen. Si rezilta tès pitit ou a negatif, sa vle di yo pa t detekte viris la nan echantiyon pitit ou a. Pafwa, tès konn bay rezilta negatif ki pa kòrèk (yo rele "fo negatif") nan moun ki gen COVID-19. Si pitit ou a teste negatif men li gen sentòm COVID-19, oswa si ou panse pitit ou a te ekspozè avèk COVID-19, ou ta dwe rele doktè pitit ou a. Si w bezwen èd pou jwenn swen yon doktè, rele (844) NYC-4NYC.

SE PARAN, RESPONSAB ELÈV OSWA YON ELÈV ADILT KI POU RANPLI PATI SA A:

Enfòmasyon sou Paran/Responsab

Ekri byen klè non Paran/Responsab:	
Adrès Paran/Responsab:	
Nimewo Tel./Mobil Paran/Responsab:	
Adrès imèl Paran/Responsab:	
Pi bon fason pou nou kontakte w:	

Enfòmasyon sou Timoun/Elèv la

Ekri byen klè non Timoun/Elèv la:	
Nimewo ID lekòl/OSIS Timoun/Elèv la:	Timoun/Elèv la Dat nesans:

Lekòl Timoun/Elèv la:	
Adrès Timoun/Elèv la:	

AVI POU PATAJE ENFÒMASYON

Lalwa pèmèt pou yo pataje kèk enfòmasyon sou pitit ou a avèk ak pami sèten ajans Vil Nouyòk ak Eta Nouyòk ak founisè sèvis ki sou kontra yo, ladan sa yo ki nan lis pi ba a. Y ap pataje enfòmasyon sa a sèlman pou rezon sante piblik, ki ka gen ladan fè kontak pwòch pitit ou a konnen si yo te ekspozè avèk COVID-19, ak pran lòt etap pou anpeche COVID-19 pwopaje plis nan kominote lekòl ou a. Pami enfòmasyon yo ka pataje sou pitit ou a avèk ajans sa yo ak founisè sèvis sa yo kap fè tès COVID-19 yo genyen non pitit ou a ak rezilta tès COVID-19 la, dat nesans / laj, sèks, ras / etnisite, non lekòl, salklas / kòwòt / gwoup, istwa enskripsyon ak prezans, ak patisipasyon nan apre- lekòl oswa nan lòt pwogram, non lòt manm fanmi oswa responsab, adrès, telefòn, nimewo mobil, ak adrès imel. Y ap pataje enfòmasyon sou pitit ou a sèlman ann akò avèk lwa ak règleman Vil la ki anvigè ki pwoteje vi prive elèv ak sekirite done pitit ou a.

• Depatman Edikasyon NYC	• Depatman Jenès ak Devlopman Kominotè NYC
• Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk	• Koperasyon Sante ak Lopital NYC
• Depatman Sante NYS	• Founisè Sèvis ki sou Kontra pou Fè Tès COVID-19

KONSANTMAN

Lè mwen siyen pi ba a, mwen ateste ke:

- Mwen te siyen fòm sa a avèk libète ak volonte mwen, epi mwen gen otorizasyon legalman pou pran desizyon pou timoun yo site pi wo a.
- Mwen dakò pou yo teste pitit mwen pou enfeksyon COVID-19.
- Mwen konprann yo ka teste pitit mwen plizyè fwa jiska 30 septanm 2021, epi tès la ka fèt nan jou NYC DOE pwograme, si pitit mwen an montre youn oswa plis sentòm COVID-19, oswa si se yon kontak pwòch yon ka COVID-19.
- Mwen konprann fòm konsantman sa a pral valab jiska 30 septanm 2021, sof si mwen avèti moun pou m kontakte nan lekòl pitit mwen an **alekri** pou m fè konnen mwen retire konsantman mwen an.
- Mwen konprann si mwen retire konsantman mwen oswa refize siyen, pitit mwen an ka oblije kontinye edikasyon li atravè aprantisaj adistans.
- Mwen konprann yo ka devwale rezilta tès pitit mwen an ak lòt enfòmasyon jan lalwa pèmèt sa.
- Mwen konprann si mwen se yon elèv ki gen laj 18 an oswa plis, oswa si mwen ka otorize legalman konsantman pou pwòp swen sante mwen, kote ki di "pitit mwen an" vle di mwenmenm, epi mwen ka siyen fòm sa a nan pwòp non mwen.

Siyati paran/responsab* (si elèv la poko gen laj 18 an)		Dat
Siyati elèv la (si elèv la gen laj 18 an oswa plis oswa otreman li gen otorizasyon pou bay konsantman l)		Dat